**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования Северной Осетии**

**Муниципальное образование Ардонского района**

**МБОУ СОШ с. Красногор**

**УТВЕРЖДАЮ**

**Директор МБОУ СОШ с. Красногор**

**( Датиева А.Р.)**

**от "_30.08_____"20_22__г.**

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

учебного предмета
«Осетинский язык»
для **9** класса основного общего образования
на 2022-2023 учебный год

**Составитель: учитель осетинского языка и литературы Техова Г.В.**

**Ардон 2022**

**9-æм кълас**

(къуыри – 1,5 сах., æдæппæт –51 сах. )

**«Ирон æвзаджы» чиныгмæ гæсгæ**

**Чиныг мыхуыргонд цæуы Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министрады барлæвæрдæй. Дзæуджыхъæу: СЕМ, 2019 аз.**

***Æмбарынгæнæн фыстæг***

Кусæн программæ арæзт æрцыд ног стандарты домæнтæм гæсгæ æмæ ЮНЕСКО-йы кафедрæйы арæзт ахуырадон комплекты бындурыл.

Кæд æмæ райдайæн скъола бындур æвæры сывæллæтты алывæрсыг рæзтæн, уæд хистæр кълæсты ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг арæзт у ахæм нысан æмæ хæстæ сæххæст кæнынмæ:

- цæмæй ахуырдзаутæ кæрæдзиимæ иронау дзурын сахуыр уой, уый тыххæй сын хъæуы сæ раст кæсыны, фыссыны æмæ хъуыды кæныны фæлтæрддзинад фидар кæнын:

- ахуырдзауты фысгæ ныхасы рæзтыл кусын, грамматикæйы фарстаты сæ зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырнын:

- сывæллæтты алывæрсыг хъомыладыл кусын мадæлон æвзаджы фæрцы.

Ахуыргæнæгæн бæрæггонд нысантæ сæххæст кæнын хуызы̆дæр бантысдзæн кæсыны æмæ æвзаджы урокты.

Ахуырадон стандартты домæнтæм гæсгæ Уæрæсейы цæрæг алы адæмæн дæр йе ˊвзаджы кад се ˊхсæн бæрзонддæр ист æрцæуа. Ирон æвзаджы ахуыргæнджыты размæ æвæрд ис бæрнон проблемæ - предметы ахуыр кæныны хъуыддаг фæхуызы̆дæр кæнын. Уыцы нысан æнцондæр у райдайæн скъолайы æххæст кæнын.

**Ирон æвзаджы программæйы сæйраг идея** у скъоладзауы ахуыры процессы сæйраг архайæг уæвынмæ сразæнгард кæнын.

**Ирон æвзаджы программæйы сæйраг хицæндзинад** – скъоладзаутæн комплексон æгъдауæй æвзаджы тыххæй зонындзинæдтæ раттын.

**Æвзагзонынады программæйы спецификон хицæндзинæдтæ:**

- мадæлон æвзагыл дзурыны нормативон арæхстдзинад: дзырдты растфыссынад æмæ растдзурынад, хъуыдыйæдты арæзт æмæ фыссынад.
- лингвистон компетенци: æвзаджы иуæгты системон ахуырад, сæ арæзт, зæлынад, фыссынад æмæ ныхасы.
- ныхасы компетенци: ныхас æмбарын æмæ дзы арæхстджынæй пайда кæнын хъуыдыйæдтæ аразгæйæ:
- коммуникативон компетенци: æвзагæй пайда кæныны фæлтæрддзинад ныхасы алыхуызон сферæты (царды, ахуырады, официалон, социалон æмæ културон) рæзын кæнын
- културон компетенци:
- лингвокультуроведческая (лингвокультурологическая) компетенция: изучение русского языка проводится на основе диалога национальной культуры с русской культурой с целью более глубокого понимания их обеих, а также русского языка и русской речи, созданных на русском

языке произведений, для подготовки учащегося к межкультурной коммуникации и для его воспитания как поликультурной личности.

Программæ домы, цæмæй ахуырдзаутæ хицæн кæной мыртæ æмæ дамгъæтæ Программæ домы, цæмæй скъоладзаутæ базоной тексты сæйрагдæр хъуыды рахицæн кæнын, уацмысы мидис хиныхæстæй радзурын, дзырдты нысаниуæг зонын, текстæн йæ аивадон æууæлтæ рахатын; сахуыр уой хъуыды кæнын, рæза сæ аивадон æнкъарынад, цымыдис æмæ разæнгард кæной чиныг кæсынмæ.

**Æвзагзонынады программæйы сæйраг нысан:**

- гуырын кæнын уарзондзинад мадæлон æвзагмæ, куыд æппæт ирон адæмы культурæйы æвдисæнмæ;
- функицоналон архайд алы сферæты æмæ ситуациты зонындзинæдтæ рæзын кæнын;

**Æвзагзонынады программæйы сæйраг хæстæ:**

- ирон æвзагмæ уæлдай ахаст гуырын кæнын, куыд ирон культурæйы аивдæр фæзынд;
- разæнгард кæнын дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы бындурон ахуырмæ,
- раттын зонындзинæдтæ ирон æвзаджы нысанты системæй йæ арæз æмæ йæ функцитæ
- зонындзинæдтæй практикон æгъдауæй пайда кæнын литературон æвзагыл дзургæ æмæ фысгæ ныхасы

**I. Æвзаг æмæ ныхасы тыххæй зонындзинæдтæ**

**5–8-æм кълæсты синтаксисы тыххæй рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын**

Дзырдбаст. Хуымæтæг хъуыдыйад. Хъуыдыйады уæнгтæ. Хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ, бавæргæ дзырдтæ æмæ æвастхъæртимæ. Бæттæгтæ хъуыдыйады æмхуызон уæнгтимæ. Вазыгджын хъуыдыйад. Бæттæгтæ вазыгджын хъуыдыйады. Текст. Ныхасы стильтæ.

**Вазыгджын хъуыдыйæдтæ**

**Бæттæгджын вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад**

Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйад æмæ йæ хицæндзинæдтæ. Бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ иугæнæг, ныхмæвæрды æмæ дихон бæттæгтимæ. Æрхæцæн нысæнттæ бабæтгæвазыгджын хъуыдыйæдты.

**Домгæвазыгджын хъуыдыйад**

Домгæвазыгджын хъуыдыйад æмæ йæ хицæндзинæдтæ. Сæйраг æмæ уæлæмхæст хъуыдыйæдтæ. Уæлæмхæст хъуыдыйæдты сæйраг хуызтæ. Бæттæгтæ æмæ бæттæг дзырдтæ уæлæмхæст хъуыдыйады. Амонæн (номивæгон) дзырдтæ сæйраг хъуыдыйады. Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ къорд уæлæмхæст хъуыдыйæдтимæ (æмхуызон æмдомгæ, алыхуызон

æмдомгæ æмæ къæпхæны уæлæмхæст). Æрхæцæн нысæнттæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдты.

**Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад**

Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйад æмæ йæ хицæндзинæдтæ. Æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйады хæйтты ахаст кæрæдзимæ сæ хъуыды æмæ хъæлæсы уагмæ гæсгæ. Æрхæцæн нысæнттæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдты.

**Вазыгджын хъуыдыйæдтæ алыхуызон бастдзинæдтимæ: бæттæгты руаджы æмæ æнæ бæттæгтæй**

Алыхуызон бастдзинæдтæ цы вазыгджын хъуыдыйæдты æмбæлы, уыдоны хуызтæ, æмæ æрхæцæн нысæнттæ ахæм хъуыдыйæдты.

**Стилистикæ**

Официалон-хъуыддагон, наукон, публицистикон æмæ дзургæ ныхасы стильтæ; се ’взагон арæзт. Аив литературон стиль, йæ хицæндзинад иннæ стильтæй. Лексикон, фразеологион æмæ грамматикон синонимтæ. Сæйраг домæнтæ дзургæ æмæ фысгæ ныхасмæ: мидисджын уæвын, логикон æгъдауæй раст уæвын, литературон æвзаджы нормæтæн дзуапп дæттын; аивадон-нывгæнæн æмæ æндæр лексикон-грамматикон, стилистикон фæрæзтæй хъæздыг уæвын. Æвзаджы сыгъдæгдзинад.

**Æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ**

Æвзаджы ахадындзинад æхсæнадон царды. Æвзаджы рæзты бастдзинад æхсæнады рæзтимæ.

Иумæйаг æмбарынад æвзæгты хæстæгдзинады тыххæй. Ирон æвзаджы бынат иннæ æвзæгты ’хсæн. Ирон æвзаджы диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ. Литературон æвзаг ирон диалекты бындурыл. Литературон æвзаг дыгурон диалекты бындурыл. Литературон æвзаг æмæ диалекттæ, ныхасыздæхтыты ахастдзинæдтæ. Ирон æвзаджы рæзт. Ирон æвзагзонынады историйæ. Ирон æвзагзонынады зынгæ ахуыргæндтæ.

**9-æм къласы рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын**

**II. Коммуникативон арæхстдзинæдтæ**

**Ныхасмæ хъусын æмæ йæ æмбарын**

Тексты стиль æмæ ныхасы хуыз бæрæг кæнын. Тексты мидис фæрстытæм гæсгæ æвзарын. Тексты диалект кæнæ ныхасыздæхтæй ист дзырдтæ амонын. Текстмæ гæсгæ ирон æмæ дыгурон диалектты хицæндзинæдтæ иртасын. Иу диалекты дзырдтæ иннæ диалекты дзырдтæй ивын.

**Дзурын. Диалогон ныхас**

Диалоджы архайгæйæ, домæн, бардзырд, лæгъстæ, курдиат, цин кæнæ хъыг æвдисын. Арфæ кæнын æмæ хатыр курыны ныхæстæй пайда кæнын. Искæй хъуыды, диалоджы архайгæйæ, дарддæр хæццæ кæнын, æххæст кæнын. Хъæугæ информаци райсыны тыххæй фæрстытæ дæттын. Фæрстытæн æххæст дзуапп дæттын. Искæй ныхас æгъдауыл цыбыр кæнын. Ныхасæмбалы цымыдис кæнын фæрстыты æххуысæй. Пайда кæнын стереотипон æвзагон мадзæлттæй.

**Дзурын. Монологон ныхас**

Тексты (ныхасы) хъуыды æмбарын кæнын, бæлвырд кæнын. Информаци логикон æгъдауæй раст æвдисын. Ныхасы темæ, стиль бæлвырд кæнын. Ныхасы алы хуызтæй пайда кæнын. Хатдзæгтæ кæнын исты темæйы фæдыл. Ныхасы пайда кæнын аивадон мадзæлттæй æмæ æндæр стилистикон фæрæзтæй. Мивдисæджы алы формæтæй, фарстон æмæ разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæй хъуыды аразын æмæ дзурын. Æнкъарæнтæ æвдисæг лексикон-грамматикон мадзæлттæй пайда кæнын. Комкоммæ ныхас фæрссаг ныхасæй ивын. Литературон æмæ стилистикон нормæты домæнтæм гæсгæ ныхас аразын. Тексты æвзаджы хицæндзинæдтæ амонын. Стильты миниуджытæ бæрæг кæнын.

**Кæсын**

Æмбæлгæ хъæлæсы уагæй кæсын текст (аивадон, наукон, официалон), хъуыдыйæдтæ. Тексты мидисимæ баст фæрстытæ дæттын. Тексты сæйраг æмæ фæрссаг информаци иртасын. Тексты хъæугæ информаци арын. Текстыл æнцойгёнгё, хъуыдыйæдтæ кæронмæ хæццæ кæнын.

**Фыссын**

Лæвæрд дзырдтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ кæнæ текст аразын. Иувæрсыг хъуыдыйæдтæм дывæрсыг синонимон хъуыдыйæдтæ фыссын. Лæвæрд темæмæ гæсгæ сочиненитæ фыссын. Текст фыссын лæвæрд темæ æмæ пъланмæ гæсгæ. Тексты æвзаджы арæзт амонын. Текстæн пълан аразын, хицæн хæйттыл æй дих кæнын. Текст ног хъусынгæнинагæй æххæст кæнын. Вазыгджын хъуыдыйæдты алы хуызтæ аразын. Реферат, доклад, хъусынгæнинаг, интервью, гыццыл сочинени, доклад, рецензи фыссын.

## III. Сæйраг домæнтæ 9-æм къласы скъоладзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм

**Скъоладзаутæ хъуамæ зоной:**

– 9-æм къласы æвзагæй цы темæтæ сахуыр кодтой, уыдонæн сæ сæйрагдæрты раиртæстытæ;
– орфограммæты хуызтæ;
– бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинады хуызтæ;
– вазыгджын хъуыдыйæдты хуызтæ æмæ арæзт;
– стилистикæйы æмбарынæдтæ;
– тексты хуызтæ æмæ ныхасы стильтæ;
– дзургæ æмæ фысгæ ныхасы хицæндзинæдтæ;
– тексты арæзт; стильтæ, се ’взагон миниуджытæ;
– æвзаджы тыххæй иумæйаг зонинæгтæ;
– æрхæцæн нысæнтты хуызтæ æмæ се ’вæрыны æгъдæуттæ;
– ирон æмæ дыгурон диалектты иуæй-иу грамматикон хицæндзинæдтæ.

**Скъоладзаутæ хъуамæ арæхсой:**

– вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– вазыгджынгонд хуымæтæг хъуыдыйæдтæ аразынмæ;
– синтаксисон синонимтæй пайда кæнынмæ ныхасы стиль æмæ мидисмæ гæсгæ;
– тексты хуыз, йæ хæйттæ æмæ стиль иртасынмæ;

– литературон æвзаджы нормæтæ бæрæг кæнынмæ;
– вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æмбарын кæнынмæ;
– вазыгджын хъуыдыйад раст хъæлæсы уагæй кæсынмæ;
– домгæвазыгджын хъуыдыйад, иртæстгонд уæнгтæ кæм уа, ахæм синонимон хуымæтæг хъуыдыйадæй ивынмæ;
– пунктуацион рæдыдтытыл кусынмæ;
– цы орфограммæтæ ахуыр кодтой, уыдон амонынмæ æмæ орфографион рæдыдтытæ раст кæнынмæ;
– ныхасы алыхуызон стильтæ æмæ хуызтæм гæсгæ текстæ аразынмæ;
– текст кæронмæ фыссынмæ;
– дыгурон диалектыл фыст тексты мидис æмбарын кæнынмæ;
– тексты стиль бæрæг кæнынмæ;
– текстæн конспект, тезистæ, рецензи фыссынмæ;
– литературон-критикон уацхъуыдæй (кæнæ стыр уацхъуыды хайæ) конспект æмæ тезистæ аразынмæ;
– сочиненитæ фыссынмæ публицистикон темæйыл;
– хъуыддаджы гæххæттытæ (курдиат, автобиографи, суагъæ) фыссынмæ;
– сочиненийы мидис æмæ æвзаг хуыздæр кæнынмæ;
– диалогтæ аразынмæ;
– тексты алыхуызон рæдыдтытæ агурынмæ æмæ сæ раст кæнынмæ.
– фонетикон, дзырдарæзтон, лексикон, морфологион, синтаксисон æвзæрст кæнынмæ.

**Кусан программа ирон авзагай 9 къласæн.**

**68 сахаты.**

| № | Сах. ным. | Урочы темæ | Универсалон ахуырадон архæйдтытæ | Урочы тип | Равзаринаг фарстатæ | Скъоладзауты зонындзинæдтæм домæнтæ | Нымац. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | |
| 1 | 1 | **Цæй диссаг стут,сæрдыгон бонтæ!** | **Зонындзинадтæ райсынил архайд (познавательные)**: информаци агурын тексты, таблицæты, иллюстрациты, схемæты, компьютеры. Кæсыны алыхуызтæй пайда кæнын: фактуалон, æмбæхст хъуыдытæ. Анализ кæнын (сæйраг | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Ног чиныгимæ зонгæ кæнын. Чиныгимæ кусын зонын: чингуыты хуызтæ кæрæдзийæиртасын (ахуыргæнæн, наукон, аивадон); чиныджы автор чи у,уый зонын; йæ арæзт ын зонын. Хъæугæ уацмыс | **Зонын:** чиныджы арæзт (цъар, сæргонд, титулон сыф, иллюстраци) **Арæхсын:** чиныгимæ архайын, зилын æм, хъæугæ уацмыс дзы ссарын | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | хъуыды хицæн кæнын, цæмæй арæзт у), хатдзæгтæ кæнын фактты бындурыл.<br>Фæзындтæ æмæ фактæ къордтыл дих кæнын.<br>Информаци аразын (пъланы, тексты, таблицæйы, схемæйы хуызы). | | куыд<br>зилын хъæуы чиныгмæ. | | |
| | | | | | | | |
| 2 | 1 | **Нанайы ахуырганджытæ.** | . Фактæ, фæзындтæ, абстрактон æмбарынæдтæ кæрæдзиимæ барын.<br>Аххосæгтæ агурын æмæ сын хатдзæгтæ кæнын.<br>Ахуыргæнæджы æхххуысæй, кæнæ хибарæй ассоциацитæ агурын, модельтæ | Ног темæ ахуыр кæныны урок | Уацмысы жанр зонын. Æдзы рæсугъддзинад æмæ хъæздыгдзинад æмбарын æмæ йын аргъ кæнын. Чиныджы нывмæ гæсгæ чысыл радзырд аразын. Æмдзæвгæ зæрдывæрдæй сахуыр кæнын. | **Зонын**: уацмысты сæргæндтæ, жанртæ, сæ авторты нæмттæ, сæ сæйраг мидис, нывмæ гæсгæ чысыл радзырд аразын. | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | аразын. | | | | |
| 3 | 1 | **Ахуырæн -афон, улæфтæн-рæстæг.** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br><br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br><br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй. | Ног æрмæг | Уацмысты жанртæ зонын. Ӕдзы рæсугъддзинад æмæ хъæздыгдзинад æмбарын æмæ йын аргъ кæнын. Радзырдæн сæргонд æвзарын. Ӕдзон зонинæгтæ бахъуыды кæнын. Текст æмбаргæ каст кæнын. йæ сæйраг хъуыды йын æмбарын. | **Арæхсын**<br><br>– уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ<br><br>– уацмысы темæ æмæ сæйраг хъуыды рахицæн кæнынмæ; | |
| 4 | 1 | **Равдис дæ зонындзинадтæ**! | Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br><br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ | Ног æрмæг | Жанр: радзырд. Цæмæн у радзырд?<br><br>Афæдзы афонты æрдзы ивддзинæдтæ иртасын. Текст хи ныхæстæй дзурын, хæйттыл æй дих | – текст хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй ди кæнынмæ, пълан ын аразынмæ<br><br>- тексты сæйраг | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | сæ раст кæнын.<br><br>Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | | кæнын зонын. Прозæ æмæ поэзийы хицæндзинад æмбарын. | хъуыды хицæн кæнынмæ. | |
| 5 | 1 | **Стæм ирон æвзаг æмæ æгъдауæй.** | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br><br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br><br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br><br>Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын.<br><br>Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты | Ног æрмæг | Жанр: радзырд. Фæлмæнзæрдæ æмæ æнæзивæджы тыххæй. Радзырды мидис æмбарын. Иннæ сывæллæтты миниуджытæн аргъ скæнын. Æмбисæндтыл куыст. Ирхæфсæн. Уыци-уыци. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; -жанртæ, авторты нæмттæ;-сæйраг мидис;<br><br>-сæрды мæйты нæмттæ **Арæхсын**<br><br>– уацмыстæ аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | авторимæ диалогы цæуын). | | | | |
| 6 | 1 | **Стæм ирон æвзæг æмæ æгъдауæй.** | Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ тексттæ аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ).<br><br>Коммуникативон 1 сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын.<br><br>Къæйтты, къордты кусын (лидеры, критикы, æххæстгæнæджы ролы).<br><br>Конфликттæ мынæг кæнын, баныхас кæнын зонын, барын. | Ног æрмæг | Жанр: аргъау. Сæрды æмæ æмгардзинады тыххæй  цы æрмæг рацыдысты, уымæй цы бадардтой сæ зæрдыл. Хи хъуыдытæ радзурын. Цы автортимæ базонгæ сты, кæй бахъуыды кодтой. Чысыл аргъау æрхъуыды кæнын. | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ<br><br>текст хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ, пълан саразынмæ | |
| | | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | 1 | **Стыр Хуыцау æмæ йæ минæвærттæ.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын. | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Поэты фæдзæхст æрдз хъахъхъæныны тыххæй. Зæрдывæрдæй йæ сахуыр кæнын. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>Фæззæджы мæйты нæмттæ | |
| 8 | 1 | **Стыр хуыцау æмæ йæ минæвærттæ.** | Хи æвзæр миниуджытæ зонын æмæ сын дзуапп дæттын(хи æфхæрын зонын, искæйы æфхæрд æмбарын дæхи раконд æвзæр хъуыддаджы тыххæй) | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын, æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Поэты фæдзæхст æрдз хъахъхъæныны тыххæй. Зæрдывæрдæй йæ сахуыр кæнын. | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9<br><br>10 | 2 | **Ирон адæмы традицион бæрæгбæттæ.** | Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br><br>Царды мидæг хорз хъуыддæгтæ аразынил архайын | Сфæлдыстадон куыст | Жанр. Сæйраг хъуыды. Архайæджы митæн аргъ кæнын. Диалогы архайын. Цы зонд амонынц нывтæ? Фæрстытæн дзуапп дæттын. Пълан аразын. Радзырд ныффыссын нывтæм гæсгæ. | **Арæхсын:** нывтæм гæсгæ хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ, пълан саразынмæ, радзырд ныффыссынмæ | |
| 11<br><br>12 | 2 | **Хонæм уæ Уациллæйы куывдмæ.** | Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын | Ног æрмæг | Жанр: аргъау. Афæдзы афон. Адæймаг æмæ цæрæгойты’хсæн ахаст. Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Аив кæсын, | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; -жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>Фæззæджы мæйты нæмттæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | æмæ сæ æмбарын. | | орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ. | | |
| Фыдалты æгъдæуттæ | | | | | | | |
| 13 | 1 | **Фыдæлты æгъдæуттæй диссагдæр нæй!** | Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæ дзурын.<br><br>Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын, æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br><br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды. Чи уыд æцæг æххуысгæнæг? Диалогы архайын. Аив кæсын орфоэпион нормæтæм гæсгæ. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын Фæрстытæн дзуапп дæттын. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; -жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>Фæззæджы мæйты нæмттæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | конфликттæй хи хъахъхъæнын. | | | | |
| 14<br><br>15 | 2 | **Фыдæлты æгъдæуттæй диссагдæр нæй!** | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br><br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br><br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br><br>Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ | Сфæлдыстадон куыст | Жанр. Сæйраг хъуыды. Архайæджы митæн аргъ кæнын. Диалогы архайын. Цы зонд амонынц нывтæ? Фæрстытæн дзуапп дæттын. Пълан аразын. Радзырд ныффыссын нывтæм гæсгæ. | **Арæхсын:** нывтæм гæсгæ хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ, пълан саразынмæ, радзырд ныффыссынмæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | йæ фехъусын. | | | | |
| 16,17 | 2 | **Хистæр-зондамонæг, кæстæр-æгъдаухæссæг.** | Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br><br>Царды мидæг хорз хъуыддæгтæ аразынып архайын.<br><br>Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Критикон цæстæнгас химæ.<br><br>Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды. Чи уыд æцæг æххуысгæнæг? Диалогы архайын. Аив кæсын орфоэпион Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын Фæрстытæн дзуапп дæттын. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>текст хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ, пълан саразынмæ | |
| 18,19 | 2 | **Нарт Нарт уæд уыдысты…** | Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды.<br><br>Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | йын аргъ кæнын зонын.<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын. | | цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ.<br><br>Æмбисæндтыл куыст. | -сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 20,21 | 2 | **Адæймаг йе гъдауæй фидауы.** | Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бætты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæ дзурын.<br><br>Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын, æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br><br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Поэты фæдзæхст æрдз хъахъхъæныны тыххæй. Зæрдывæрдæй йæ сахуыр кæнын. | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | хъахъхъæнын. | | | | |
| .22, 23 . | 2 | **Бирæ нын цæрат, нæ буц хистæртæ** | Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br>Царды мидæг хорз хъуыддæгтæ аразынцыл архайын.<br>Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. | Ног æрмæг | Жанр: аргъау. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын Фæрстытæн дзуапп дæттын. Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ;<br>-сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 24,25 | 2 | **Бира нын цæрат, нæ буц хистæртæ.** | Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын | Ног æрмæг | Жанр: аргъау. Афæдзы афон. Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы аргъауы? | **Арæхсын:** нывтæм гæсгæ хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ, пълан саразынмæ, радзырд | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | зонын.<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын. | | Сабиты адæмуарзондзинадыл ахуыр кæнын.<br><br>Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ. | ныффыссынмæ | |
| 25,26 | 2 | **Сабиты кафæн фæз.** | Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæ дзурын.<br><br>Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын, æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br><br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæу | Рефлекси. Контролон урок. | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды.<br><br>Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ.<br><br>Æмбисæндтыл куыст. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>Фæззæджы мæйты нæмттæ | |
| 27 | 1 | **Æрсимут ма тымбыл симдæй.** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br><br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ | Ног æрмæг | Жанр: аргъау. Афæдзы афон. Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br><br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.<br><br>**Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | | цавæр миниуджытыл дзырд цæуы аргъауы?<br><br>Сабиты адæмуарзондзинадыл ахуыр кæнын.<br><br>Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ.<br><br>Хи ныхæстæй дзурын аргъау. | нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 28,2 | 2 | **Акафæм,азарæм** | **Коммуникативон универсалон архайд:** | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг | **Зонын-**<br>уацмысты | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 9 | | **хъæлдзæгæй иума!** | Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактгæй æххæст кæнын.<br><br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br><br>Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын. | | хъуыды.<br><br>Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ.<br><br>Æмбисæндтыл куыст. | сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 30<br><br>31 | 1 | **Равдис да зонындзинадтæ.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Поэты фæдзæхст æрдз хъахъхъæныны тыххæй.<br><br>Адæймаджы хуыздæр миниуджытыл ахуыр | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| . | | | йын аргъ кæнын зонын. | | кæнын скъоладзауты.<br>Зæрдывæрдæй йæ сахуыр кæнын. | | |
| 33 34, | 2 | **Фæззæг-нывгæнæг.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды.<br>Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ.<br>Æмбисæндтыл куыст. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ;<br>-сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| | | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 35 | 1 | **Фæззыгон хъæды.** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй. | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Адæймаджы хуыздæр миниуджытыл ахуыр кæнын скъоладзауты.<br>Зæрдывæрдæй йæ сахуыр кæнын. | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br>æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |
| 36,<br>37 | 2 | **Фæззаг рацыдис йæ рады.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; -жанртæ, авторты нæмттæ;<br>-сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | зонын. | | | | |
| 38,39 | 2 | **Равдис дæ зонындзинæдтæ.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; -жанртæ, авторты нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 41,42 | 2 | **Ныййарæг зæхх ,дæуæн æмбал кæм ис!** | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br><br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Адæймаджы | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br><br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ. | | хуыздæр миниуджытыл ахуыр кæнын скъоладзауты.<br><br>Зæрдывæрдæй йæ сахуыр | æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |
| **Зымæг (5 (сах.)** | | | | | | | |
| 43 | 1 | **Ныййараг захх,дауан амбал кам ис!** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æмдзæвгæйы мидис æмбарын. Адæймаджы хуыздæр миниуджытыл ахуыр кæнын скъоладзауты.<br><br>Зæрдывæрдæй йæ сахуыр | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ;<br><br>æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 44,45. | 2 | **Уарз да баста,зон да баста!** | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактæй æххæст кæнын.<br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ. | Сфæлдыстадон куыст | Жанр. Сæйраг хъуыды. Архайæджы митæн аргъ кæнын. Диалогы архайын. Цы зонд амонынц нывтæ? Фæрстытæн дзуапп дæттын. Пълан аразын. Радзырд ныффыссын нывтæм гæсгæ. | **Арæхсын:** нывтæм гæсгæ хи ныхæстæй дзурынмæ, хæйттыл æй дих кæнынмæ, пълан саразынмæ, радзырд ныффыссынмæ | |
| 46, 47 | 2 | **Æрдз нæ дарæг,мах-йæ хъахъхъæнаг.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты нæмттæ;<br>-сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | зонын. | | | | |
| 48,49 | 2 | **Ирыстоны Административон дих.** | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br><br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br><br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Темæ, сæйраг хъуыды.<br><br>Уацмыс хæйттыл дих кæнын. Диалог аразын. Адæймаджы цавæр миниуджытыл дзырд цæуы радзырды? Ногбон Ирыстоны куыд цæуы, ууыл ныхас. Аив кæсын, орфоэпийы нормæтæ хынцгæйæ. | **Зонын:** куыд бæрæг кæнынц Ирыстоны Ногбон.<br><br>сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |
| 50 | 1 | **Алцы зонын дæр хорз у.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):** | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Ævзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз | **Зонын-** уацмысты сæргæндтæ; - жанртæ, авторты | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br><br>**Коммуникативон универсалон архайд:**<br><br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br><br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ. | | æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | нæмттæ;<br><br>-сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 51,52 | 2 | **Географийы урок.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд | Ног æрмæг | Жанр: æмдзæвгæ. Уацмысты жанртæ зонын. Æмдзæвгæйы мидис æмбарын. | **Арæхсын** – уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | | Адæймаджы хуызæр миниуджытыл ахуыр кæнын скъоладзауты. Зæрдывæрдæй йæ сахуыр | кæсынмæ; æмдзæвгæ зæрдывæрдæй дзурынмæ | |
| 53<br><br>54 | 2 | **Балц Ирыстоны зæххыл.** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 55,5 | 2 | **Уастырджийы** | **Удгоймагон универсалон архайд** | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 6 | | **бæрæгбон.** | **(личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | | нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ мбаргæ кæсынмæ; | |
| 57,58 | 2 | **Уастырджийы бæрæгбон.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 59,60 | 2 | **Алцы зонын дæр хорз у.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуацити йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 61,62 | 2 | **Равдис дæ зонындзинæдтæ.** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | ахуыргæнæджы æххуысæй | | | | |
| 63 | 1 | **Ахуыры фæндæгтыл-размæ!** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br><br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br><br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 64 | 1 | **Фыццаг ирон скъола.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ; | |
| 65 | 1 | **Фыццаг ирон скъола.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br><br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br><br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ. | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | |
| 66 | 1 | **Чиныг-ахуыргæнаг.** | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактты æххæст кæнын.<br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ. | |
| 67 | 1 | **Гæбилы чиныг.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | | миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ. | |
| 68 | 1 | **Чиныг-зонды суадон.** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, æрдзы рæсугъддзинад æмбарын æмæ йæ хъахъхъæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын. | Ног æрмæг | Уацмысы жанр. Æвзæрдзинад сæрмæ нæ хæссын. Адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджытæн аргъ кæнын. Фæрстытæн дзуапп дæттын.<br>Ног дзырдтæ бахъуыды кæнын. | **Зонын-** уацмысы сæргонд; Нарты каджыты сæйраг хъайтарты; кадæджы сæйраг мидис;<br>уацмыс аив, раст, æмæ æмбаргæ кæсынмæ. | |